

Sitwayènte ak Elijibilite Pou FEMA

Release Date: Oct 19, 2024

FEMA pran angajman pou l ede tout fanmi nan Florid ki kalifye refè apre pasaj Siklòn Milton, Helene ak Debby, ki gen ladan sitwayen ameriken, nasyonal ki pa sitwayen ameriken oswa moun ki kalifye ki pa sitwayen yo.

Ou menm oswa yon manm fwaye ou dwe yon sitwayen ameriken,yon moun ki abite nan peyi an ki pa sitwayen, oswa yon abitan peyi a ki kalifye ki pa sitwayen pou aplike pou asistans FEMA. Fanmi ki gen estati imigrasyon divès, ki gen ladan granmoun ki san dokimant, ka aplike depi ke omwen yon mamm fanmi se yon sitwayen, ki pa sitwayen ameriken nasyonal oswa kalifye ki pa sitwayen. Pou egzanp, si ou san dokimante epi ou gen yon timoun ki poko gen 18 ki se yon sitwayen ameriken e li te viv nan kay la pandan tan katastwòf la, ou ka aplike pou asistans FEMA.

Yon moun ki pa sitwayen ameriken ki kalifye se:

- Rezidan pèmanan legal (moun ki gen "green card")
- Yon moun ki gen azil, ki se yon refijye, oswa yon etranje ki pa sou depòtasyon
- Yon etranje ke yo pèmèt rete Etazini pou omwen 1 an.
- Resòtisan Kiben/Ayisyen
- Kèk etranje ki pa sitwayen ki te sibi gwo mechanste ki te viktim yon fòm grav de trafik moun, ki gen ladan moun ki gen viza "T" oswa "U".

Pou granmoun ki aplike sou non yon timoun minè, timoun nan dwe gen yon nimewo Sekirite Sosyal epi ap viv avèk paran an oswa gadyen ki aplike. Paran oswa gadyen an pa pral oblige bay okenn enfòmasyon sou pwòp estati imigrasyon yo oswa siyen nenpòt dokiman konsènan estati yo.

Timoun minè a dwe poko gen laj 18 kòm nan premye jou nan peryòd ensidan katastwòf la, ki se 1 Out 2024 pou Siklòn Debby, Sept. 23, 2024 pou Siklòn Helene ak 5 oktòb 2024 pou Siklòn Milton.

Kijan pou aplike



FEMA

Page 1 of 2

Pwopriyetè kay ak lokatè yo ankouraje pou aplike sou entènèt nan DisasterAssistance.gov oswa lè I sèvi avèk App FEMA a. Ou ka aplike tou pa telefòn nan **800-621-3362**. Si w chwazi pou w aplike pa telefòn, tanpri konprann tan datant yo ka pi long akoz volim apèl yo ogmante akoz de plizyè katastwòf ki sot pase yo. Liy yo louvri chak jou epi èd ki disponib nan pifò lang yo. Si w sèvi ak yon sèvis relè, telefòn captioning oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo ou pou sèvis sa. Pou yon vidyeo aksesib sou fason pou aplike pou asistans ale nan [FEMA Aksesib: Aplike pou Asistans Endividyle - YouTube](#).

Si ou te aplike nan FEMA apre Siklòn Debby ak Helene epi ou gen domaj adisyonèl akoz Siklòn Milton, w ap bezwen aplike separeman pou Milton epi bay dat domaj ki pi resan ou.

Pou dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Milton, vizite it [fema.gov/disaster/4834](#). Pou Siklòn Helene, vizite [fema.gov/disaster/4828](#). Pou Siklòn Debby, vizite [fema.gov/disaster/4806.. Swiv FEMA sou X nan x.com/femaregion4](#) oswa sou Facebook nan [facebook.com/fema](#).



FEMA

Page 2 of 2